

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab dipedar ngeunaan desain panalungtikan, data jeung sumber data, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung analisis data.

Ieu panalungtikan kagolong kana panalungtikan kualitatif. Panalungtikan kualitatif nya éta panalungtikan anu datana atawa sumber datana mangrupa kecap-kecap dina wangun lisan atawa tulisan, hal anu ditalungtikna ditalaah leuwih jero sangkan bisa kacangkem ma'nana (Moleong, dina Arikunto, 2013, kc. 22).


Métode nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta métode *deskriptif-analitik*. Ieu métode dilakukeun ku cara ngadéskripsikeun fakta-fakta anu satuluyna dianalisis. Sacara etimologis, istilah déskripsi jeung analisis lain saukur miboga harti ngadadarkeun, tapi dibarengan ku maham tur mampuh méré pedaran nu gembleng (Ratna, 2013, kc.53).

Objék nu ditalungtik nya éta novél *Saéni* karangan Hadi AKS. sedengkeun métode nu digunakeun nya éta métode *deskriptif-analitik*. Ieu métode dipilih lantaran luyu jeung objék anu ditalungtik, nya éta ngadéskripsikeun wangun struktural jeung semiotik dina novél *Saéni* anu satuluyna dipatalikeun jeung bahan pangajaran maca novél di SMA.

3.1 Desain Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan aya sababaraha léngkah panalungtikan, nya éta: (1) tatahar; (2) ngumpulkeun data; (3) nganalisis data; (4) nyieun kacindekkan; jeung (5) nyusun laporan panalungtikan. Sangkan leuwih jéntré, tahap léngkah panalungtikan di luhur dijieun dina bagan di handap.

Bagan 3.1
Desain Panalungtikan



3.2 Data jeung Sumber Data

Data dina ieu panalungtikan nya éta novél *Saéni*. Sangkan leuwih jéntré di handap ieu idéntitas bukuna.

Buku : *Saéni*
 Karangan : Hadi AKS
 Kandel Kaca : 151
 Medal : 2014
 Penerbit : Kiblat Buku Utama

Saupama nilik kana data di luhur, sumber data nu dipaké dina ieu panalungtikan téh nya éta data tina keretas atawa *paper*.

3.3 Ngumpulkeun Data

3.3.1 Instrumén Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 147) instrumén panalungtikan nya éta alat bantu nalika panalungtikan ku cara ngagunakeun hiji téhnik panalungtikan. Instrumén nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta kartu data. Kartu data miboga fungsi pikeun ngumpulkeun jeung mindahkeun data nu geus aya. Éta kartu data téh ngawengku unsur struktural jeung sémiotik nu aya dina novél, saperti palaku jeung watek, latar tempat, latar waktu, gaya basa, ikon, indeks, jeung simbol. Di handap mangrupa conto kartu data nu digunakeun.

Kartu Data

Kode Data:
Data:

3.3.2 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta téhnik talaah pustaka. Dina téhnik ngumpulkeun data, aya sawatara léngkah nu dilakukeun saperti ieu di handap:

- 1) Maca novél *Saéni*
- 2) Nandaan unsur struktural jeung semiotik nu nyangkaruk dina novél *Saéni*.
- 3) Nyalin kana kode data sangkan data leuwih gampang diolah sarta leuwih alus hasilna.

3.4 Analisis Data

Sanggeus data dikumpulkeun, léngkah séjén nu kudu dilaksanakeun nya éta ngolah data atawa nganalisis data. Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 278), gurat badagna analisis data téh ngaliwatan tilu léngkah nya éta tatahar, tabulasi, jeung ngalarapkeun data luyu jeung pamarekan panalungtikan. Tatahar mangrupa kagiatan mimiti anu dilaksanakeun dina nganalisis data. Tabulasi mangrupa prosés ngahijikeun data nu geus kapanggih. Data nu geus ditabulasi tuluy dilarapkeun luyu jeung pamarekan panalungtikan.

Saupama data geus kakumpulkeun, léngkah nu dilakukeun nya éta:

- 1) Nyieun papasingan kartu data.
- 2) Mindahkeun sakabéh unsur struktural jeung semiotik kana wangun tabél.
- 3) Nganalisis unsur struktural jeung semiotik nu aya dina novél *Saéni*.
- 4) Ngadéskripsikeun unsur struktural jeung semiotik nu aya dina novél *Saéni*.
- 5) Napsirkeun jeung méré interpretasi kana sakabéh data nu kapanggih dina novél *Saéni*.
- 6) Nyindekkeun hasil analisis data, nu satuluyna dijadikeun bahan pangajaran maca novél di SMA.